atqaradı. Áyyemgi insanlar sanasında quslardıń adamnıń janı túsiniginde qáliplesiwi, olardıń miflik túsinikleriniń real kórinisin sıpatlap beredi. Sanalıq oylaw baǵdarınıń jetilisiwi menen miflik túsinikler kórkem pikirlewlerge ózgerip baslaǵan. Nátiyjede áyyemgi totemlik isenimler kórkem mifologiyalıq obrazlarǵa aylanǵan.

**Ádebiyatlar**


1. Иванова-Казас О.М. Птицы в мифологии фольклоре и искусстве. – Санк Петербург: «Нестор-История», 2006.
2. Илимбетова А.Ф. Культ птиц в религиозно-мифологической системе башкир. // Самарский научный вестник. 2023.Т. 12, № 1.
3. Шаряфетдинов Р.Х. Мифологический образ птицы как отражение культуры татарского народа в современной литературе. Художественный текст и литературный процесс. // Наука и школа. 2021. № 5.
4. Имомов К. Ўзбек фольклорида Ҳумо қуши. // Ўзбек тили ва адабиёти. 2011. №5.
5. Мәмбетназаров Қ. Қарақалпақ халық ертеклери. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1981.
6. Қарақалпақ фолъклоры. Қарақалпақ халық ертеклери ХХ томлық / I том. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
7. Қасқабасов С. Қазақтың халық прозасы. –Астана: «Foliant», 2014.
8. Қарақалпақ фольклоры. 100 томлық. 67-76 том. –Нөкис: «Илим», 2014.
9. Ўзбек халқ ертаклари. II томлик. I том. –Тошкент: «Фан», 1963.



**REZYUME.** Maqolada turkiy xalqlar folklorida ibtidoiy mifologik qush obrazining oʻrganilish tarixi, folklor janrlarida oʻziga xos xususiyati haqida ilmiy-nazariy jihatdan mulohazalar yuritildi. Mifologik qush obrazining xalq ogʻizaki ijodida totem ishonishlari asosida yuzaga kelgani va bu mifologik obraz sifatida badiy xizmat bajarishi haqida ilmiy fikrlar berildi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье даны научно-теоретические комментарии к истории изучения первобытного мифологического образа птицы в фольклоре тюркских народов, его своеобразию в фольклорных жанрах. Приведены научные мнения о происхождении мифологического образа птицы в фольклоре народа на основе тотемных верований и художественного обслуживания этого мифологического образа.

**SUMMARY.** In the article, scientific-theoretical comments were made about the history of the study of the primitive mythological bird image in the folklore of Turkic peoples, its unique feature in folklore genres. Scientific opinions were given about the origin of the mythological bird image in the folklore of the people based on totem beliefs and the artistic service of this mythological image.


## АРХАИКАЛЫҚ ЭПОСЛАРДАҒЫ АТ ОБРАЗЫ


**А.А.Көшекова** – *филология илимлериниң кандидаты, профессор*
*Қазақ миллий қызлар педагогикалық университети*
*Қазақстан Республикасы, Алма-ата*



**Таянч сўзлар:** от образи, халқ достонлари, архаик ва мифологик мотивлар, классик қаҳрамон, бадиий ўзига хосликлар.

**Ключевые слова:** образ коня, народный эпос, архаические и мифологические мотивы, античный герой, художественные особенности.

**Key words:** image of a horse, folk epics, archaic and mythological motifs, classical hero, artistic peculiarities.


**Кирисиў**. Архаикалық (әййемги эпослар) эпослардағы ат образы изертленип, олардың гейпара эпос нусқалары («Ер Көкше» ҳәм «Желкилдек» эпослары) арқалы тереңирек, жан-жақлама талланған.

Туўынды архаикалық эпослардың өзгешеликлери, өзине тән характери ҳаққында сөз ететуғын болсақ, оларға қаҳарманлық, батырлық эпослардағы ат образын жаратыўдың элементлери сиңген. Архаикалық мотивлердиң көплеп сақланыўына қарамастан, олардағы ат образы әййемги эпослардағыдай жеке ҳәм дара, ғәрезсиз қаҳарман дәрежесинде көринбейди ҳәм усы эпосларда фантастикалық, архаикалық-мифологиялық мотивлер кейинги дәўирдиң уғым-түсиниклери көзқарасынан талқыланып, байытылып барылған.

**Тийкарғы бөлим.** «Қубығул» эпосы қартайған, «тап жетписке жас жетти» деген жаста болған Ўәли ханның баласыз, қуўбас болыўынан, пирлерден бала тилеўинен басланады [4:360-444] Картайған ханның (яки басқа турмыслық дәрежедеги каҳарманның) баласыз болыўы, құдиретли күшлерден перзент тилеўи – түркий халықлары эпосындағы жүдә кең тараған мотивлердиң бири. «Алпамыс» пенен «Қобыланлы» да усы тақылетте басланады. Ўәлихан бала тилеп, жер гезип жүрип, Баба түкли әўлийениң зыяратының басына қонып жатқанда «Ақ шалмалы ғарры адам» келип, «Тилегениңди берейин» деп, пәтия берип, Қубығул деген перзентли болатуғынын айтады. Қубығул жети жасқа келгенде түс көреди, түсине бир қыз енип:

Ханның баласы сен едиң,
Ханның қызы мен едим, -

деп, өзиниң Қубығулға ашық екенин айтып, мени излеп кел дейди. Бул мотив те ертек, эпосларда жүдә кең тараған, шығарманың басланыўына себеп болатуғын мотивлердиң бири. Түсинде көрген Шадыра ханның қызы Ақбилекти излеп жолға шыққан Қубығул «Жети баслы Айдарханы» гезлестирип, айқасып, шаўып өлтириўи, қаҳарманның жылан менен урысыўы да дүнья фольклорындағы кең тараған мотивлердиң бири. В.М.Жирмунский: «Жылан менен урысыў қаҳарманлық ертектиң ең әййемги сюжетлериниң бири (Аарне каталогында № 300)» деп жазады [1:26]. «Тутасы менен алғанда жылан менен урысыў хаққында қубла славянлық қосықлар мәмлекетке дейинги эпостан басланған...» деп жазады Б.Н.Путилов [2:37]. Лекин, орыс былиналарына жылан менен урысыў мотивиниң кирип келиў жоллары хаққында В.М.Жирмунскийдиң:

«Былинаға бул сюжет (теориялық жақтан алғанда) әййемги қаҳарманлық ертеклеринен ямаса оннан кейинги дәўирдиң қыял-әжайып ертеклеринен, ширкеў аңызларынан (Федор Тирон хаққында, қәсийетли Георгий ҳаққында ҳәм т.б.) ҳәм т.б. келиўи мүмкин» [1:26] деген пикирин есапқа алсақ, «Қубығул» эпосына да бул мотив ҳәр қыйлы жоллар менен келген болыўы мүмкин.

Буннан арғы жолында Қубығул Теңгелик деген үлкен суўдан өтип, қорғаўшы бабасының кеңеси менен үстине «қурым кийим» кийип, Ақбилектиң әкеси Әдилбай ханға қозы бағыўшы болып жалланады. Ақбилектиң (күң) хызметкериниң көмеги менен қыз бенен танысып, қызды алып қашады. Әдилбай патша үлкен әскер жыйнап, Әсирбек, Қарасбек сыяқлы батырларын алып, Қубығул менен Ақбилектиң изинен қуўады. Қубығул жекпе-жекте қалмақтың Қарасбек, Әсирбек деген бул батырларын жеңип, өлтиреди. Қалмақлардан қутылып шыққаннан соң Қубығул Ақбилектиң айтқанын тыңламай бир көлдиң басына қонады. Сол жерде Ақбилекти жылан жутып кетеди. Қубығул жыланды өлтирип, қалыңлығын елине апарып, мурадына жетеди. Эпостың қысқаша мазмуны усылардан ибарат.

Қубығулға жыланның еки рет гезлескенин есапқа алмағанда бул эносты дәстүрли қаҳарманлық жырлардың қатарына қосыўға болар еди, - Орта ноғайлы елиниң батыры Қубығул қалмақтың «Шадыра ханының тұқымы Әдилбайдың» елине барып, қыз алып қашады, қуўып келген қалмақлардың батыры менен шайқасып жеңип шығады. Архаикалық дәўирге этникалық бөлиниўшилик тән емес екенин, ноғайлы дәўириниң, қалмақлар менен (жоңғарлар менен, ойратлар менен) саўаштың соңғы дәўирлерде - XVII-XVIII әсирлерде болғанын итибарға алсақ, бул эпостың әййемги мифлердиң, ертеклердиң сюжетлеринен алынып, кейинги ўақытларда жазылған шығарма екенлиги анық. «Гөне эпостың бас қаҳарманы, көбинесе, өзи сыяқлы адамлар менен емес, жоқары ямаса төменги әлемдеги түрли жаўыз күшлер менен - шайтан, жезтырнақ, айыў, қырғый, сыйқырлы ҳаял-жәдигөйлер менен гүрес жүргизеди» деп жазады Ш.Ыбыраев [3:70]. Бирақ, бизиң ойымызша сыйқырлы жаўыз күшлер, жыланлар, дәўлер ҳәм т.б. менен гүрес жүргизиў, фантастикалық элементлердиң көп болыўы эпосты архаикалық эпосқа жатқарыўға тийкар бола алмайды. Нағыз, тийкарғы архаикалық эпостың баслы белгиси оның текстиниң ески екенлиги деп санаймыз.

«Қубығул» эпосындағы аттың образын қарастыратуғын болсақ, онда бирқатар өзгешеликлерди көремиз. Бундай өзгешеликлер алды менен Қубығулдың ат таңлаўынан, көп жылқының ишинен өзине сапарға минетуғын тулпар излеўинен сезиледи. «Бир тулпар ат керегим» деп әкесинен ат сораған Қубығулға Ўәли хан:

Бөлек жатыр қара ала,
Қолайыңа жаққан ат
Өзиң сына қара да
Тағы бөлек қула ала,
Басқа жатыр сур ала,
Өзиң байқа сына да.
Ақлы жылқы бир бөлек,
Көкли жылқы бир бөлек
Торылы жылқы бир бөлек
Сан жетпейтуғын көп жылқы
Ишинен тулпар табылар,

- деп, Қубығулдың өзин жылқыға жумсап жибереди. Бул үзиндиден Ўәли ханның жылқысы түр-түсине қарап, бөлекленип бағылатуғынын көремиз. Сонда да сан жетпейтуғын жылқыны барып, аралаған Қубығул миниўге сай келетуғын тулпар таба алмай, әкесине:

Миниўиме тулпар жоқ,
Шабан жыйған нең? - деп кейийди.

Сөйтип, әкесиниң көп жылқысынан тулпар таба алмаған Қубығул шешесинен ат таўып бер деп өтиниш жасайды. Баласының кеўилин қыймаған шешеси:

Уллы Қумжай бойында,
Шалғынлы көлдиң ойында,
Жетпис қула тулпар бар,

- деп баласын соған жумсайды.

Бирақ, батыр жетпис қуланың ишинен де тулпар таппайды, жылқының саны жетпис емес биреўи кем екенин аңлап қалып, тағы да излеп жүрип:

Күнге қарап жуўсаған
Қулаша атты көреди.

Қубығул усы қулаша атты сынай келип, оның өзине сай тулпар екенин билип, қурық салып услап алады. Сонда қулаша атқа тил питип, адамдай сөйлеп:

Адастың батыр, сен,- деди,
Бунша адасқан нең,- деди,
Қанша тулпар көп еди,
Қартайып қалған тулпарман,
Бүгинде бәсим кем,- деди,
Шабан менен күшим тең деди.

Усылайынша қулаша ат өзиниң қырық сегиз жасқа шығып, қартайып қалғанын, жорыққа жарамайтуғынын айтады. Жас гезинде әкеси Ўәли менен талай жорыққа шығып, жеңис пенен қайтқанын жыр етеди.

Руқсат бер ғаррыға,
Жастың бирин минерсең,

- деп руқсат сорайды. Деген менен, қулаша атты қатты унатып қалған Қубығул:

Сындыра гөрме сағымды,
Сени минсем, қушарман,
Ақбилек сулыў ярымды,
Оннан минсем бир атты,
Шадыра ханның елине
Жақын күнде бара аламан,
Мийнет шегип бул жолдан,
Қайтип үйимди таба аламан,

- деп қулаша атқа жалынады.

Улыўма, батырдың өзине миниў ушын көлиги ретинде ғарры атты таңлаўы қазақ эпосына тән емес. «Қубығул» эпосының бир өзгешелиги усында - оның бас қаҳарманы пүткил жылқыны таңлап қарап, ақыр соңында әбден қартайған қулаша атты таңлайды. «Қарасай-Қазы» эпосында усыған уқсас мотив гезлеседи. - Қарасай батыр «Атамның бирге ант ишкены досты деп» әкеси Орақ минген «Қабан қулақ қара атты» таңлап, мойынына қурық салады [5:127].

Сол ўақытлары қара атқа тил питип, өзиниң Қарасай батырға қарап айтқан узыннан-шубай монологын баслайды. «Айналайын Қарасай, Ҳасылың нурдан жараған, Ер Орақтың баласы-ай» деп басланатуғын аттың монологы 66 шуўмақтан турады. Бул көркем монологта да Қулаша аттың монологындағы сыяқлы Қара ат өзиниң Орақ батырдың исенимли жаўынгер досты болғанын баянлайды. Орақ батырдың өзин қалай қәдирлеп-қәстерлегенин жыр етеди. Екеўиниң жаўға шаўып талай жеңиске жеткенин жыр ете келип «Алдымнан қара кетпеди, Артымнан қара жетпеди» деп оғада жүйрик болғанлығын образлы түрде сүўретлейди. Бирақ, Қара ат Қулаша сыяқлы қартайып күш-қуўаты кеткенликтен миниўге жарамай турған жоқ. Ол Орақ батыр өлген соң ким көринген минип, «кәдирин ҳеш ким билмей», күтим көрмей, «Буўра тартар ҳалы жоқ» болып қалғанын айтып, Қарасайдан өзин минбеўин өтинеди.

Жаў ишинде қаласаң

Мени минсең Қарасай,

- деп ескертеди.

51 куплеттен туратуғын Қулаша аттың монологы менен Қара аттың монологы мазмуны жағынан жүдә уқсас - екеўинде де тулпарлар өзлериниң бир гезлери аўзы менен қус алған жүдә жүйрик болғанын, минген батырлардың жан жолдасы, жаўынгер жолдасы болғанын мақтаныш етеди. Еки тулпар да батырлардан өзлерин минбеўин өтинеди.

**Жуўмақ.** Жоқарыда сөз болған эпосларда аттың адамға уқсаўы процесин (адам сыяқлы сөйлеўи, толғаныўы, қайғырыўы, өтиниўи ҳәм т.б.) ғана емес, сондай-ақ, атлардың белгили бир мораллық позициялары, этикалық, жүрис-турыслық түсиниклери бар екенлигин көриўге болады. Атлардың өзлерин минетуғын батырларды жаў ишинде қалдырып кетпеўи, қара ат ҳәтте, ийеси Орақ батырдың изинен өзи де өлиўи, Қарасай батыр қабан қулақ Қара аттың тилегин орынлап, оны сойыўы, буған мысал бола алады.

Туўынды архаикалық эпосларда да әййемги эпосларда ушырасатуғын ат функциялары, сыйқырлы, қәўендерлик, қоллап-қуўатлаўшылық, жол көрсетиўшилик қәсийетлери сақланып қалған. Бирақ, булардың бәри соңғы дәўирдиң түсиниклерине ийкемлестирип, өзгертилген, логикалық сәйкесликлерден айырылғанлығын көриуимизге болады.

**Әдебиятлар**

1. Гацак В. Предисловие. // Типология народного эпоса. –Москва: «Наука», 1975.
2. Буслаев Ф. Сравнительное изучение народного быта и поэзии. // «Русский Вестник», 1872, октябрь.
3. Ыбыраев Ш. Эпос әлеми. Қазақ батырлық жырларының поэтикасы. –Алматы: «Ғылым», 1993.
4. Батырлар жыры. 3-том. –Алматы: «Жазушы», 1964.
5. Досмухамедулы Х. Аламан. –Алматы: «Ана тили», 1991.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада ҳосилавий архаик достонларнинг хусусиятлари муҳокама қилинади. Улар қаҳрамонлик достонларида от образи тимсоли элементларини ўз ичига олган. Архаик мотивларнинг кўплиги сақланиб қолганига қарамай, улардаги от образи қадимги достонлардаги каби индивидуал, мустақил характер даражасига кўтарила олмайди ва бу достонларда фантастик, архаик-мифологик мотивлар кейинги давр тушунчалари нуқтаи назаридан қайта кўриб чиқилиб, қайта ишланганлиги айтилади.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье речь идет об особенностях производных архаических эпосов. В них вошли элементы воплощения образа лощади в героических эпосах. Несмотря на большое количество сохранившихся архаичных мотивов, образ лощади в них не поднимается в ранг индивидуального, независимого персонажа, как в древних эпосах, и в этих эпосах говорится, что фантастические, архаично-мифологические мотивы пересмотрены и переработаны с точки зрения понятий поздней эпохи.

**SUMMARY.** This article deals with the features of derived archaic epics. They included elements of the embodiment of the image of a horse in heroic epics. Despite the large number of preserved archaic motifs, the image of a horse in them does not rise to the rank of an individual, independent character, as in ancient epics, and these epics say that fantastic, archaic-mythological motifs are revised and revised in terms of concepts of the late era.

## ҚАЗАҚ ФОЛЬКЛОРЫНДАҒЫ ӘЙЙЕМГИ МОТИВЛЕР

**Ж.Т.Қобланов –** *филология илимлериниң кандидаты, профессор*
*Есенов атындағы Каспий Технология ҳәм инженерлик университети*
*Қазақстан Республикасы, Ақтаў*
**Т.А.Торткулбаева –** *филология илимлери бойынша философия докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** антик давр, афсонавий мотив, мифология, фольклор, эътиқод, онг, характер, қаҳрамон.

**Ключевые слова:** античность, мифический мотив, мифология, фольклор, убеждения, вера, сознание, характер, герой.

**Key words:** antiquity, mythical motif, mythology, folklore, beliefs, faith, consciousness, character, hero.

**Кирисиў.** Көп әсирлер даўамында қазақ үлкеси сиясий, социаллық, мәдений ҳәм әдебий байланыслар мәканы болып келген. Әййемги заманларда мәмлекеттиң шегарасы ҳәзиргидей болмаған, соның ушын да әййемги адамлардың билим ҳәм түсиниклери де жеке бир халықтың баҳалы мүлки болған руўхый дүньясы болмаған.

Тарийхый-мәдений байланыслардың нәтийжесинде әййемги сюжетлер менен образлар бир елден екинши елдиң шығармаларына кирген. Әлбетте, бүгинги күни